

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Ap Vini Byento: 'Future Bound Miami'
- Aplike pou 'FAFSA' Jodi a!
- Kanpay Kont Fimen ak Vapè pou Elimine Sigaret Elektwonik

Oktòb 2019

Bilten 12 | NIMEWO 56 |

MAGNET SCHOOLS

APPLICATION PERIOD
NOW OPEN!

October 1st - January 15th

Aplike pou pwogram Magnet ki ranpòte prim e vin fè pati eritaj chwa ak inovasyon. <https://yourchoicemiami.org>



ATANSYON PARAN: #ITSNOJOKEMDCPS

M-DCPS kontinye ap siveye e reponn nenpòt e tout menas yo rapòte ki ka afekte lekòl oubyen fonksyonman lekòl yo. Pandan nou ankouraje ak tout fòs nou pou rapòte nenpòt aktivite ki parèt sispek, nou rekonèt bezwen paralèl pou kontinye edike elèv ak paran yo sou konsekans sevè ki asosye avèk fè menas pou fè moun mal nan nenpòt fason – menmlè menas sa yo pa kredib oubyen yo kredib nan nati yo. Nan sèlman uit premye semèn lekòl yo, M-DCPS resevwa 24 menas e arete sis elèv. Menas ki fèt sou medya sosyal deranje anbyans ediksyonèl lekòl yo e entèfere avèk abilite polis pou pwoteje lekòl yo kont vrè danje, epwize resous aplikasyon lalwa,

koute takspeyè anpil lajan, e ogmante nivo estrès, anksyete ak absans nan lekòl yo.

Sa pa fèt sèlman nan Miami-Dade. Medya nasyonal yo souvan rapòte menas ki fèt sou lekòl ak lòt andwa nan kominate yo atravè peyi a, anpil ladan yo finalman pa kredib. Sepandan, gen kèk ki reprezante potansyèl reyèl pou trajedi. Menas sa yo – menmlè yo reyèl oubyen se pou plezantri – mande mobilizasyon anpil resous, ki kapab mete lavi moun andanje, e, konsa, sa souvan mennen ak yo konsekans ki ka afekte lavi moun ki komèt menas la. Yo konsidere menm yon menas plezantri kont yon lekòl oubyen yon plas publik

yon krim federal. Li ka abouti a yon arrestasyon oubyen yon dosye krim grav.

Nan semèn k ap vini yo, Distri a pral devlope yon varyete inisyativ baze sou sa ki déjà egziste pou fè plis edikasyon e distribye plis enfòmasyon toupatou ki vize pou eliminate aksyon twoublan elèv sa yo ki souvan aji anvan yo reflechi. Nou ap ankouraje paran pou pale avèk pitit yo sou seryozite komunikasyon ekri e vèbal e konsekans konpòtman iresponsab e pwobableman kriminèl yo ka lakoz.



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County), an kolaborasyon avèk yon kantite patnè, ap lanse 'Future Bound Miami,' yon pwogram "Children's Savings Account (CSA)" (Kont Epay pou Timoun) invèsel nou pral enplemanter an plizyè faz atravè county a. Se premye fwa ap gen yon inisyativ konsa nan eta Florid e l ap vin evantyèlman pi gwo pwogram CSA nan peyi a. Ane sa a, paran/gadyen elèv jadandanfan M-DCPS ki nan lekòl nan Vil Miami ka kòmanse ekonomize lajan pou avni pitit yo avèk yon kont epay 'Future Bound Miami' gratis y ap kapab itilize lè yo gradye nan lekòl segondè. Patisipason ou gratis. Sa ou bezwen fè se sèlman aktive kont

la ant 4 novanm 2019 e 6 desanm 2019. Nou ap voye plis enfòmasyon ak detay sou fason pou ouvri kont la bay fanmi ki kalifye yo avan peryòd aktivasyon an.

'Future Bound Miami' vle pou chak timoun reyisi e yo prepare pou kolèj. Gen rechèch ki montre lè w gen sèlman \$1 nan yon kont epay pou kolèj, sa fè w gen twa fwa plis chans pou w ale nan kolèj e kat fwa plis chans pou w gradye. Kont epay inivèsèl pou timoun mete edikasyon siperyè aksesib nan pèmèt elèv ak fanmi devlope ekonomi yo e ogmante atant edikasyonèl yo.

Inisyativ sa a vin posib gras ak patenarya avèk Catalyst Miami, The Children Trust, United Way of Miami, The Miami Foundation, The Children's Movement, City of Miami, South Florida Educational Federal Credit Union, Sant La Haitian Neighborhood Center ak Health Foundation of Florida.

TI KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Primè:
Egzésis enpòtan
<http://bit.ly/2OBfeMQ>

Segondè:
Aplike konsekans ki apwopriye
<http://bit.ly/2OCUnJc>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

25 oktòb
Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

4 novanm
Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

11 novanm
Jou Ewo Lagè

APLIKE POU FAFSA JODI A!



"Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)" (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv) se yon fòm elèv bezwen ranpli pou jwenn èd finansye nan men gouvènman federal la pou ede yo peye pou kolèj. Ranpli FAFSA a se bagay ki pi enpòtan yon elèv ka fè pou li jwenn èd finansye e nenpòt moun ki planifie ale nan kolèj nan pwochen ane lekòl akademik la ta dwe ranpli FAFSA

a. Peryòd aplikasyon FAFSA a ouvri 1ye oktòb chak ane. Ranpli e voye fòm FAFSA a gratis e rapid, e li bay elèv aksè sou pi gwo sous èd finansye pou peye pou kolèj. Anplis, anpil eta ak kolèj itilize done FAFSA yo pou detèmine elijibilité pou jwenn èd eta ak lekòl, e kèk enstitisyon prive ki bay èd finansye ka itilize enfòmasyon done FAFSA yo pou detèmine kalifikasyon pou èd y ap bay la.

FAFSA mande elèv enfòmasyon sou finans pa yo ak pa fanmi yo, tankou enfòmasyon espesifik sou deklarasyon revni yo retounen ba yo. Elèv ap bezwen asistans paran yo pandan you ap ranpli fòm nan. Se yon bon ide pou ranpli FAFSA a pi bonè posib paske

yo distribye kèk èd finansye sou baz aplikasyon yo resevwa an premye ap jwenn sèvis an premye. Katreven sèt poustan elèv premye ane kolèj nan eta Florid la resevwa kèk fòm èd finansye. Fason ki pi fasil pou ranpli e remèt FAFSA a se sou Entènèt nan <https://studentaid.ed.gov/sa/fafsa>. Lè w ap ranpli FAFSA a elektwonikman, yo ap mande w pou kreye yon "federal student aid ID (FSA ID)" (idantifikasiyon èd federal elèv) pou itilize lè w ap siyen fòm elektwonik la sou FAFSA a, yo pral bezwen kreye yon FSA ID tou. Silvouplè mete w alèz pou itilize [FAFSA Checklist](#) (Lis Kontwòl FAFSA) nou an pandan w ap prepare pou ranpli aplikasyon enpòtan sa a.

BE PART OF THE
Miami-Dade County Public Schools

CODING CHALLENGE

\$10,000*

*IN CASH PRIZES WILL BE AWARDED TO THE WINNERS.

For more details visit:
<http://codingchallenge.dadeschools.net>

M-DCPS pral kòmanse aksepte pwopozisyon nan men elèv lekòl mwayen ak segondè pou aplikasyon avèk ide reyèl, kòmanse lendi 18 novanm 2019. Se Sèvis Enfòmatik la ki te devlope "Dadeschools Coding Challenge" (Defi Kodaj Dadeschools) la pou elèv lekòl mwayen ak segondè desine, kreye, pilote e jere aplikasyon reyèl ki pral pèmèt kamarad yo wè e kontwole lè sèvis kominotè

yo. Aplikasyon an tou pral pèmèt anplwaye administrasyon lekòl la wè, apwouve oubyen refize tout lè elèv yo soumèt. Elèv ki desine aplikasyon ki genyen premye plas la ap resevwa \$7,000; dezyèm plas la ap resevwa \$3,000. Gen sis faz nan defi a, ki ap fini nan prentan 2020. Pou wè lòt faz yo e pou plis enfòmasyon, vizite <http://codingchallenge.dadeschools.net/>.

NOVANM SE MWA ANGAJMAN FANMI



Nan mwa novanm sa a, vin jwenn nou nan onore fanmi atravè M-DCPS pandan nou ap selebre Mwa Angajman Fanmi. Lè lekòl travay ansanm avèk fanmi pou sipòte aprantisaj, timoun gen tandans pou jwenn siksè non sèlman nan lekòl, men pandan tout lavi. Edikasyon yon timoun se yon responsabilite ki pataje ant lekòl ak fanmi. Mwa pwochen, nou akouraje lekòl yo pou souliyen patenarya sa yo nan fason ki enpòtan. Biwo Angajman Kominote a pral pataje

fason fanmi ka patisce nan edikasyon yo chak jou pandan mwa novanm nan. Pou zouti ak resous pou planifye yon evènman rekonesans pou angajman fanmi nan lekòl ou a, ansanm ak resous pou ogmante angajman fanmi, vizite <https://www.engagemiamidade.net/family-engagement-month>. Jwenn nou sou twitter @mdcpscommunity pou suiv nou pandan nou ap prezante lekòl ak fanmi fòmidab nou yo.

ADOPTE bon Abitid Pandan Sezon yo ap Chanje

- Lè sezon yo chanje e tanperati yo chanje, ou ka pi souvan rankontre sèten viris, tankou gwo grip ak grip regilye.

• Pratike bonjan abitid sante. Sistèm iminitè ou pral pare pou konbat grip si w manje yon rejim balanse, dòmi byen, kenbe kò w anfòm atravè egzèsis regilye, e yon pi bon konsèy sou prevansyon se lave men.

• “Influenza (flu)” (Gwo Grip) se yon maladi respiratwa ki kontaje viris ‘flu’ koze. Li ka koze maladi ki mwen grav a trè grav. Meyè fason pou epaye flu a se pran vaksen chak otòn.

• Ede fanmi kenbe timoun ansante nan rankontre avèk fanmi timoun ki gen kondisyon sante kwonik, tankou opresyon, kriz, ak dyabèt pou asire ou espesifye e lekòl pitit ou a jere tout plan medikal, materyèl, ak sipò.

Rete Enfòme!
Rete Konekte!



Lekòl Leta Miami-Dade County vle asire ou kontinye resevwa enfòmasyon ijan ki soti nan lekòl pitit ou a e Distri a atravè mesaj tèks. Pou chwazi pou kontinye fè sa, ou dwe tekste “Y” nan 67587. Si ou pa reponn, yo pap konsidere ou chwazi pou pa kontinye e ou pral manke avi sa yo a tan.



19 septanm 2019 "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) anonse kèk chif alaman: Yo konfime oubyen sisplèk 530 moun nan peyi sa a gen maladi poumon paske yo fimen tabak, 'THC', oubyen kèk kombinezon toude. Kantite ka yo ogmante de 380 ka yo repòte jis yon semèn anvan. Nouvèl ki pi di toujou sèke: sèt nan pasyan sa yo mourir. Doktè dekri yon paysan 18 ane, yon atlèt lekòl segondè tankou si li "gen poumon yon moun 70 ane".

Daprè CDC, "e-cigarettes" (sigarèt elektwonik) se pwodui tabak ki pi popilè pami jèn yo. An 2016, plis pase de (2) milyon elèv lekòl mwayen ak segondè Ozetazini te itilize sigarèt elektwonik. Ti jèn ak jèn adilt sèvi ak sigarèt elektwonik akoz kiryozite, gou, tankou sa ki disponib nan sigarèt elektwonik, e kwayans e-cigarettes pa gen twòp

danje. Daprè ofisyèl sante federal, nikotin trè adiktif, e fimen ak vapè se pi gwo rezon ki fè adolesan eseye sigarèt.


Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade la te pran yon pozisyon saj kont fimen plizyè ane de sa, yon desizyon ki ede pwoteje sante ak lavi yon kantite imezirab jèn moun ak anplwaye. Règ Komisyon Konsèy Lekòl nou an pa sèlman anpeche sèvi ak tabak e pwodui li yo, men tou, aparèy ki imite fimen. Angajman san rete "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou ogmante konsyantizasyon apwopo risk fimen genyen sou sante evidan atravè Kanpay Kont Fimen ak Vapè pou Elimine Sigarèt Elektwonik. M-DCPS fè patenarya avèk Depatman Sante Florid e devlope kanpay sansibilizasyon sa a pou edike tout elèv, paran/gadyen, anplwaye, ak manm nan kominate a

REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

- | | |
|-------------------------|---------------|
| 20 novanm | 10:00 dimaten |
| Reyinyon Organizasyonèl | |
| 11 desanm | 11:00 dimaten |
| Reyinyon Regilye | |
| 11 desanm | 11:00 dimaten |
| Reyinyon Regilye | |

sou danje sigarèt, ki gen ladan tou yon pwomès elèv fè kont fimen ak vapè. Pandan inisyativ sa a, elèv te organize tou klip "Students Working Against Tobacco (SWAT)" (Elèv ki Ap Travay Kont Tabak) pou responsabilize e konsyantize kamarad yo kont taktik Gwo Konpayi Tabak yo ak danje itilizasyon pwodui tabak. Lendi 30 septanm 2019, elèv ak konseye te patisipe nan jounen Fòmasyon Anyèl 2019-2020 SWAT.

Li enpòtan pou kominate nou an sipòte efò sa yo, pou asire elèv nou yo ansante e prepare pou aprann. Avèk èd ou, nou pral kontinye ofri elèv fè ki ie yo sou fimen ak vapè, pou yo ka pran yon pozisyon kont li.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL

@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup

@MiamiSchools
@MiamiSup

@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1

@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

**Komisyon Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Doktè Marta Pérez
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Alberto M. Carvalho
Susie V. Castillo	Sipètentandan Lekòl yo
Doktè Lawrence S. Feldman	Christopher Badillo
Doktè Steve Gallon III	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Lubby Navarro	